



Vwayaje pou jwenn swen



**Boston
Children's
Hospital**

Fetal Care &
Surgery Center

Lis Sijè yo

<u>Deplase pou vin nan Boston Children's Hospital</u>	4
<u>Oryante w nan katye a</u>	5
<u>Ki kote pou rete nan Boston</u>	6
<u>Anndan Boston Children's Hospital</u>	9
<u>Sa Ki Esansyèl yo</u>	10
<u>Nimewo Telefòn ki Enpòtan yo</u>	11

Byenvini nan Sant Swen ak Chiriji pou Tibebe nan Vant Boston Children's Hospital lan

Mèsi paske w chwazi Sant Swen ak Chiriji pou Tibebe nan Vant lan, ki li menm an kolaborasyon ak Brigham and Women's Hospital, pou konsilte ak pran swen pandan gwosès ou a.

Nan Sant Swen ak Chiriji pou Tibebe nan Vant lan (Fetal Care and Surgery Center, FCSC), objektif nou se ofri dyagnostik ak tretman ki pi avanse, ansanm ak swen ki plis baze sou respè pou moun ki ansent epi yo konfime oswa sispèk tibebe ki nan vant yo a gen yon anomali. Nou angaje nou pou nou prepare ak sipòte w ou menm ak fanmi w, ni pandan ni apre gwosès ou.

Pandan moman w ap pase ak nou an, ou pral rankontre ak espesyalis ki gen eksperyans nan pran swen tibebe ak timoun ki gen defòmasyon jenetik. Ekip doktè, enfimyè, konseye jenetik, ak travayè sosyal nou yo bay tout yo menm pou ofri w enfòmasyon enpòtan sou opsyon tretman ki disponib yo, ansanm ak edikasyon ak sipò ki pou ede w pran desizyon ki enfòme.

Nou konprann lè w vin nan Boston pou pran swen, se yon bagay ki prezante difikilte. Lojistik pou vwayaj, depans k ap fèt anplis, ak ensètitud ou gen sou dire tan w ap fè kote nou an kapab ba w plis estrès nan yon moman ki deja ap deranje w, san sa pa nesesè. Nou kreye gid sa nan lide pou bay:

- Direksyon pou si w ap deplase vin nan Boston Children's
- Yon lis amenajman ki pa fin konplè
- Sijasyon pou repa ak pwodui pou achte
- Kat oryantasyon Boston Children's, Katie Medikal Longwood lan, ansanm ak sistèm transpò piblik la ([MBTA](#))

Apre ou fin li gid sa a, tanpri pa ezite kontakte yon travayè sosyal FCSC si ou gen nenpòt lòt kesyon. Nou pa ka tann pou nou rankontre w epi pou nou akonpaye w nan vwayaj ou a.

Sensèman,

Ekip Travay Nan Sant Swen ak Chiriji pou Tibebe nan Vant lan
(Fetal Care and Surgery Center, FCSC)

Deplase pou vin nan Boston Children's Hospital

Boston Children's Hospital chita kò li nan 300 Longwood Ave., Boston, Massachusetts. Ou kapab pran anpil blokis lè w ap deplase vin nan Katye Medikal Longwood lan. Nou rekòmande w pou w deplase nan yon lè ki apwopriye pou w kite lakay ou ak jwenn kote pou pakin.

Ayewopò Entènasyonal Logan nan

Ayewopò Entènasyonal Logan nan, ki sitiye l anviwon nan yon distans 7 mil ak lopital la, epi se nan transpò piblik (gade kat oryantasyon **MBTA** ki pi ba a), taksi, oswa sèvis pataj vwayaj moun ka ale ladan l. Tan deplasman an kapab dire ant 30 a 60 minit, sa depan ki lè l fè nan jou a ak trafik la.

Pakin

Gen pakin ki disponib nan Espas Pakin Boston Children's la nan adrès **33 Blackfan St.**, dirèkteman anfas antre prensipal lopital la. Pasyan ak manm fanmi pasyan ki gen yon tike valide yo gen aksè ak pakin nan epi y ap peye mwens gras ak yon rabè ki disponib pou yo. Gen asistans pakin ki disponib pou fanmi pasyan ki entène yo; tanpri pale ak travayè sosyal ou a oswa espeyalis resous ou an pou jwenn detay.

Transpò Piblik (MBTA)


Pran **Liy Vèt D** oswa **E a (D or E Green line)** pou w rive nan **Longwood**. Kontinye tou dwat sou Longwood Ave jous ou rive nan Boston Children's Hospital.

Kat oryantasyon MBTA a



© 2022, Massachusetts Bay Transportation Authority

Oryante w nan katye a



1. Pakin Pasyon an nan 33 Blackfan St.
2. Lopital
 - a. Boston Children's
 - b. Brigham and Women's Hospital (BWH)
 - c. Beth Israel Deaconess Medical Center (BI)
3. Lojman pou Fanmi Pasyon yo
 - a. Yawkey Family Inn
4. The Bon by Morro
5. Estasyon Tren MBTA yo
 - a. Green C Line: St. Mary's Street
 - b. Green D Line: Longwood
 - c. Green E Line: Museum of Fine Arts, Longwood Medical Area, Brigham Circle
 - d. Orange Line: Ruggles
6. Manje ak Acha
 - a. CVS @ 350 Longwood Ave.
 - b. Target
 - c. Star Market

Ki kote pou rete nan Boston

Kèlkeswa kote ou chwazi rete pandan moman w ap pase nan Boston, toujou sonje li rekòmande pou ou planifye sa annavans.

Se resous finansye ou yo, kantite moun k ap vwayaje avèk ou, dire tan ou prevwa pase a, ak sa ou bezwen nan kad moun k ap avè w konpare ak vi prive w, k ap ede nan detèmine ki pi opsyon ou genyen.

Sejou Pasyan ki Entènè

Tout inite swen entansif nou yo (MSICU, CICU, ak NICU) gen yon espas pou youn nan paran yo dòmi bò kabann pitit yo. Inite swen entansif la kapab yon kote ki difisil pou byen dòmi, men se yon opsyon pou ou rete toupre tibebe w la. Nou sijere pou w itilize yon jeneratè bri atifisyèl, ekoutè antibri, oswa lòt ekipman k ap mete w alèz ou pou dòmi ak ede w repoze ak rekipere w si w chwazi opsyon sa a.

Pwogram Lojman pou Fanmi Pasyan nan Boston Children's Hospital

Pwogram Lojman pou Fanmi Pasyan (Boston Children's Hospital Patient, PFH) ofri opsyon lojman abòdab pou nenpòt paran, responsab legal, oswa manm fanmi yon pasyan ki nan Boston Children's Hospital epi ki rete nan yon distans plis pase 50 mil parapò ak lopital la. PFH ofri transpò gratis, sou demann, pou ale ak soti lopital la. Genyen de (2) opsyon: Yawkey Family Inn ak The Bon by Morro.

Aplike anliy

617-919-3456

Yawkey Family Inn

241 Kent Street, Brookline, MA
\$30 pa nuit

- Chanm prive kote kat moun pou pi plis ka dòmi ak itilize twalèt pataje.
- Kizin komen, enstalasyon pou lesiv, aksè entènèt
- Enstalasyon lesiv pou itilize gratis

The Bon by Morro

1260 Boylston St., Boston, MA
\$75 pa nuit

- Apatman endividyèl kote kat moun pou pi plis ka dòmi ak itilize kuizin prive epi twalèt
- Enstalasyon lesiv ki sou plas ak aksè nan sal espò

Lojman Afilye ki pa Nan Lopital la

Hospitality Homes

hosp.org

888-595-4678

Hospitality Homes mete pasyan ansanm ak fanmi yo ki rete a yon distans ki plis pase 50 mil ak lopital la an kontak ak opsyon lojman pandan y ap pran swen nan Boston. Yo gen yon rezon mezon akèy nan pami fanmi lokal yo, ansanm ak kèk chanm otèl ak apatman prive. Yo ofri divès opsyon lojman, epi poutèt sa, pri yo varye (jeneralman anviwon \$25-120 pa nuit). Yo ka gen kèk opsyon ki pi bon mache selon bezwen w.

Ronald McDonald House

rmhbostonharbor.org

617-398-6458

The Ronald McDonald House nan Boston Harbor se yon opsyon kote gen moun/antite ki fè don pou fanmi k ap viv nan yon distans ki plis pase 50 mil parapò ak lopital la ka jwenn lojman. Ou pa kapab kòmanse peryòd sejou w la toutotan w pa nan dènye semèn anvan dat akouchman ou a, epi anjeneral yo gen yon lis datant. Si w enterese rete isit la, ou kapab mande yon travayè sosyal pou aplike pou ou.

Lojman Espesyalize

Live 4 Evan

live4evan.org

info@live4evan.org

Live4Evan Organization mete sis apatman ki konplètman meble li rezève pou fanmi ki gen timoun k ap resevwa swen kadyak epi k ap vwayaje soti nan yon distans ki plis pase 50 mil. Apatman sa yo koute \$40 pa nuit epi w dwe fè yon depo \$200. Apatman yo sitiye toupre Boston Children's Hospital nan bilding Longwood Galleria Apartment lan. Kantite moun maksimòm apatman yo kapab pran se kat (4).

The Fisher House

fisherhouseboston.org

508-728-8781

Fisher House Boston se yon òganizasyon ki ofri lojman lokal gratis pou fanmi ki nan sèvis aktif ak veteran pandan yo menm oswa yon manm fanmi yo ap resevwa swen medikal nan Boston.

Otèl

Nou rekòmande pou ou mande yo ba w pri yo antanke pasyan lè w ap fè rezèvasyon an. Nou kontan pou n ba w yon lèt pou verifiye estati pasyan w lan si sa nesesè.

The Inn at Longwood Medical

617-731-4700
342 Longwood Ave.
Boston, MA 02115

0.01 mil distans ak Boston
Children's Hospital

The Longwood Inn

617-566-8615
123 Longwood Ave.
Brookline, MA 02446

0.6 mil distans ak Boston
Children's Hospital

Residence Inn Boston Back Bay/Fenway

617-236-8787
125 Brookline Ave.
Boston, MA 02215

0.7 mil distans ak Boston
Children's Hospital

Hilton Garden Inn

617-935-0077
700 Brookline Ave.
Brookline, MA 02446

0.8 mil distans ak Boston
Children's Hospital

Homewood Suites by Hilton Boston Brookline-Longwood Medical

617-232-1487
111 Boylston St.
Brookline, MA 02445

1.1 mil distans ak Boston
Children's Hospital

Courtyard Boston Brookline

617-734-1393
40 Webster St.
Brookline, MA 02446
1.30 mil distans ak Boston
Children's Hospital

Transpò gratis pou rive nan
Boston
Children's Hospital

Hampton Inn & Suites Boston Crosstown

617-445-6400
811 Massachusetts Ave.
Boston, MA 02118
2.0 mil distans ak Boston
Children's Hospital
Transpò gratis pou ale Logan
epi rive nan Boston
Children's Hospital

Lwaye tou Meble Akoutèm

Sa ki pi ba a se yon lis pasyèl sous pou lwaye tou meble yo. Katye ki toupre Boston Children's Hospital yo se katye tankou katye Medikal Longwood lan, Fenway/Kenmore, ak Brookline.

Compass Furnished Apartments

Airbnb

Vrbo

Churchill Living Furnished Apartments

Sublet.com

Fenway Triangle Trilogy

180 Brookline Ave.
Boston, MA 02215
877-383-1237

Longwood Towers

20 Chapel St.
Brookline, MA 02446
855-596-8125

Anndan Boston Children's Hospital

Sant Swen ak Chiriji pou Tibebe nan Vant yo
Hunnewell 2

Inite Swen Entansif pou Maladi Kadyak
(Cardiac Intensive Care Unit, CICU)
Hale 7 ak 8

Inite Swen Entansif pou Timoun ki Fenk Fèt
(Neonatal Intensive Care Unit, NICU)
Hale 11

Inite Swen Entansif Medikal/Chirijikal
(Medical/ Surgical Intensive Care Unit, MSICU)
Berthiaume 7

Livrezon Lèt
Hale 11

Jaden Aletaj yo
Hale 12 ak Berthiaume 12

Jaden Anndan yo
Hale 8 ak Hale 10

Jaden Wòch Souwè yo
Fegan 1



Sa Ki Esansyèl yo

Nan Boston Children's Hospital, ou kapab al manje nan **Fresh Food Court (Sal pou Manje Repa Fre)** la, ki gen ladan l opsyon tankou Chef's Playground, yon kizin griyad, yon ba pou manje salad, Starbucks, Subway, ak Pizzeria Regina. Yo genyen anndan an tou opsyon pou moun ki vejetaryen, repa ki san glitenn, Kosher, halal, repa ki pa alèjik ak lòt opsyon. Mete sou sa tou, genyen yon sikisal **Panera Bread** nan nivo (etaj) prensipal lopital la kote w ka jwenn sandwich, salad, kafe, ak patisri.

Livrezon Manje

Ou kapab pase kòmand repa nan **DoorDash, Uber Eats, elatriye** pou voye yo nan lopital la nan 300 Longwood Ave, Boston, MA. Ou ka al kontre ak ajan livrezon an nan antre prensipal la.

Pwodui Alimantè

Star Market: 33 Kilbuck St.
Boston, MA 02215

Stop & Shop (Brigham Circle):
1620 Tremont St.
Boston, MA 02120

Trader Joe's: 1317 Beacon St.
Brookline, MA 02446

Target: 1341 Boylston St.
Boston, MA 02215

Sèvis Livrezon Pwodui Alimantè:

Instacart, Whole Foods via
Amazon Prime, Uber Eats

Famasi

CVS (Famasi sèlman): Boston Children's,

CVS Nivo 1: 350 Longwood Ave., Boston, MA

ATM

Bank of America: Boston Children's, Nivo , toupre asansè Fegan yo

Citizens Bank: Boston Children's, Nivo , toupre asansè Fegan yo

Sèvis Postal

UPS Store: 423 Brookline Ave., Boston, MA

U.S. Post Office (touple Brigham Circle): 1575 Tremont St., Boston, MA

Restoran ki toupre yo

Anna's Taqueria – Manje Meksiken, tankou tako, bourito ak repa miks

Boloco – Bourito ak repa miks ki gen bourito. Opsyon manje maten

Bon Me – Repa ki gen ensperasyon manje Azyatik yo ak pla ki gen diri pou pote ale, nouy, ak sandwich "banh mi"

Caffe Nero – Ba Kafe Ewopeyen ki espesyalize nan preparasyon kafe ak manje Italyen

Clover – Sandwich ak repa miks ki fèt ak pita, ki kreyatif ak fre. Opsyon manje maten tou

Galleria Food Court – Yon varyete opsyon tankou McDonald's, Subway, Dunkin Donuts

JP Licks – Krèm glase atizanal ak yogurt glase

Longwood Grille – Restoran ki ofri sèvis sou tab ak yon kizin tradisyonèl ameriken

Pokeworks – Repa miks ak bourito ki enspire nan Poke

Starbucks – Boston Children's Hospital, sou Longwood Ave epi nan Beth Israel Hospital

Sweetgreen – Salad ak repa miks

Nimewo Telefòn ki Enpòtan yo

Nimewo Telefòn ki Enpòtan yo nan Boston Children's Hospital

Sant Swen ak Chiriji pou Tibebe nan Vant yo
(Fetal Care and Surgery Center) 617-355-6512

Sant Hale pou Fanmi yo
(Hale Center for Families) 617-355-6279

Lojman pou Fanmi Pasyan yo
(Patient Family Housing) 617-919-3450

Sèvis Sante Global yo
(Global Health Services) 617-355-5209

Sèvis Entèprèt yo 617-355-7198

Sipò pou Alètman 617-355-0005

Swen Espirityèl 617-355-6664

Sèvis Finansye pou Pasyan 617-355-3397

Nimewo telefòn ki enpòtan pou swen matènèl yo

Beth Israel Deaconess Medical Center

Maternal Fetal Medicine 617-667-2636

Brigham and Women's Hospital

Sèvis Enskripsyon Pasyan yo 866-489-4056

Seksyon Medikal pou Fanm

Ansant ak Tibebe ki ann Vant 617-732-4840



Where the world comes for answers